

Fason pou resevwa lajan w

Ou kapab resevwa salè ou nan fason diferan. Pa egzanp, yo kapab peye w kach, chèk papyè, depo dirèk, oswa avèk yon kat pewòl.

Chak metòd sa yo pou w resevwa lajan gen kèk avantaj ak risk potansyèl yo, sitou konsènan frè, sekirite, ak konvenyans.

Lè w konnen nan ki fason pwodwi sa yo travay, konbyen li pral koute w pou sèvi avèk yo, ak kilè yo pral chaje w frè siplemantè, sa a kapab ede w gen plis avantaj konsènan lajan w.



Kat ki peye alavans

Definisyon	Avantaj	Risk
Yo voye salè oswa revni ou otomatikman nan kat ou ki peye alavans san yo pa sèvi avèk yon chèk papyè.	<ul style="list-style-type: none">Sa a kapab pi senesòf ak pi sekirize pase pote lajan kach oswa chèk nan men ou.	<ul style="list-style-type: none">Kat la pa gen menm pwoteksyon konsomatè yo tankou yon kont kouran oswa kat pewòl lè yo retire fon yo nan erè elektwonikman oswa vòl.Ou ta kapab gen limitasyon nan kalite tranzaksyon pou ki ou kapab sèvi avèk kat la. Pa egzanp, pètèt ou pa kapab sèvi avèk kat ou ki peye alavans pou peye bòdwo.Gen anpil kat yo ki chaje frè pou mank aktivite, acha, itilizasyon ATM, frè chak mwa yo, elatriye.Ou gen dwa ale nan yon ATM oswa yon boutik pou retire lajan kach lè ou bezwen lajan kach.

Chèk papye

Definisyon	Avantaj	Risk
Yon chèk pewòl se yon chèk yo bay w pou salè oswa revni w.	<ul style="list-style-type: none">▪ Ou kapab depoze li nan yon kont labank (kouran) oswa depay. Yon bank oswa sendika kredi kote w gen yon kont pral peye ou lajan kach pou chèk pewòl ou san yo pa chaje w okenn frè.▪ Li pi senesòf ke pote lajan kach nan men w. Si w pèdi oswa yon moun vòlè li, anplwayè ou gen dwa anile ak bay ou yon chèk nouvo si ou rapòte sa a alè.	<ul style="list-style-type: none">▪ Si w pa gen yon kont labank, ou dwe peye frè pou resevwa lajan kach pou chèk pewòl ou yo.▪ Si w depoze yon chèk pewòl nan yon kont bank oswa sendika kredi, pètèt ou pap gen aksè nan tout fon yo imedyatman.

Depo dirèk–kont labank (kouran) / depay

Definisyon	Avantaj	Risk
<p>Yo voye salè oswa revni w dirèkteman ba kont bank oswa sendika kredi ou elektwonikman san sèvi avèk yon chèk papye. Se pa tout anplwayè yo ki ofri sèvis sa a.</p> <p>Ti Konsèy: Mande anplwayè ou fason pou fè aranjman pou depo dirèk. Anjeneral, si ou touche gras a depo dirèk, fon yo pral disponib pou ou retire omwen nan menm lè a kòm si ou te depoze yon chèk papye, epi souvan pi vit pase sa a. Nan plizyè ka yo, lajan ou disponib nan dat ou touche a.</p> <p>Pote atansyon nan frè ATM la kapab chaje ou. Anjeneral, ou kapab evite frè ATM yo lè ou sèvi avèk ATM bank oswa sendika kredi yo.</p>	<ul style="list-style-type: none">▪ Redwi risk ou nan pètèt oswa vòl, lè yo fè konparezon avèk pote lajan kach oswa resevwa yon chèk.▪ Kont la gen pwoteksyon konsomatè pou fon yo pral elektwonikman avèk erè oswa vòlè.▪ Nòmalman, fon yo disponib imedyatman.▪ Ou kapab jwenn aksè nan fon yo gras a kat debi, ATM, oswa chèk pèsònèl yo.▪ Gen anpil anplwayè ki pèmèt ou divize depo ou ant yon kont kouran ak yon kont depay. Sa a kapab ede ou ekonomize plis lajan.▪ Yo pa chaje okenn frè lè ou depoze chèk ou. Epi ou gen anpil bank ak sendika kredi ki ofri kont labank (kouran) ak depay yo san yo pa chaje okenn frè chak mwa yo lè ou etabli depo dirèk.	<ul style="list-style-type: none">▪ Lè ou kenbe lajan ou nan yon kont bank sa a egzijè ou pou ale nan ATM lan oswa nan yon boutik pou retire lajan kach lè ou bezwen lajan kach.

Lajan Kach

Definisyon	Avantaj	Risk
<p>Lajan kach se lajan w gen sou lamèn.</p> <p>Ti Konsèy: Evite pote oswa kite anpil lajan kach lakay ou. Si lajan kach la pèdi oswa si yon moun vòlè li, li difisil oswa enposib pou jwenn li ankò.</p>	<ul style="list-style-type: none">▪ Yo aksepte li preske tout kote	<ul style="list-style-type: none">▪ Si lajan kach la pèdi oswa si yon moun vòlè li, li difisil oswa enposib pou jwenn li ankò.▪ Ou kapab vle depanse lajan kach si w genyen li nan men ou.▪ Li kapab difisil pou kontwole konbyen w depanse konsènan objektif bidjè pèsònèl w.

Kat pewòl

Definisyon	Avantaj	Risk
<p>Anplwayè ou fè aranjman pou kat debi yo ki peye alavans. Yo voye salè oswa revni ou otomatikman bay kat pewòl ou elektwonikman san yo pa sèvi avèk yon chèk papye.</p> <p>Ti Konsèy: Anplwayè ou pa kapab egzije ou pou resevwa salè ou nan yon kat pewòl. Yo dwe bay ou omwen yon lòt opsyon (ki ta kapab gen ladann chèk, lajan kach, oswa depo dirèk nan kont bank oswa sendika kredi ou).</p>	<ul style="list-style-type: none">▪ Sa a redwi risk ou nan pèt oswa vòl, lè yo fè konparezon avèk pote lajan kach oswa chèk nan men ou.▪ Kat pewòl la gen pwoteksyon konsomatè pou fon yo retire elektwonikman nan (avèk) erè oswa vòl.	<ul style="list-style-type: none">▪ Gen anpil kat yo ki chaje frè pou mank aktivite, acha, itilizasyon ATM, frè chak mwa yo, elatriye.▪ Potansyèlman yo kapab chaje ou frè pou balans negatif si yon anplwaye sèvi avèk kat la san yo pa gen ase fon nan kont la.▪ Ou gen dwa ale nan yon ATM oswa yon boutik pou retire lajan kach lè ou bezwen lajan kach.▪ Eitou pètèt yo kapab chaje frè si ou pa sèvi avèk ATM bank oswa sendika kredi yo ki te bay kat la.▪ Pètèt yo pap pèmèt ou depoze lòt fon nan kont la.

Kontakte nou



Sit wèb

consumerfinance.gov/askcfpb



Nan telefòn

Gratis: (855) 411-CFPB (2372)

TTY/TDD: (855) 729-CFPB (2372)



Pa Lapòs

Consumer Financial Protection Bureau

P.O. Box 2900

Clinton, Iowa 52733-2900



Prezante yon plent

consumerfinance.gov/complaint



Consumer Financial
Protection Bureau

Yon Gid Pou Moun K AP Fèk Kòmanse Jere LaJan